


Tan reyèl evalyasyon nan aksyon DG Echo an Ayiti / 2009 - 2011

Novanm 2010 -Avril 2011

Rezime egzekitif



Groupe URD

**François Grünewald
Domitille Kauffmann
Béatrice Boyer
Julie Patinet**

EUROPEAN COMMISSION



Humanitarian Aid

Coût du rapport : 124 000 €, soit 0,1% du budget évalué
N° de contrat: ECHO/ADM/BUD/2010/01210

Rapò sa-a se Komisyon Ewopeyèn ki te komande-l ak finanse-l. Yo pa
dwe konsidere kòmantè ki an dedan rapò-a tankou se opinyon ofisyèl
Komisyon Ewopeyèn.



REZIME EGZEKITIF

Objektif ak metodoloji

1. Jan sa prevwa nan regleman kominotè yo, epitou lè w gade kantite lajan ki te mobilize pou pote èd nan peyi dayiti depi nan lane 2008, yo te fè yon evalyasyon pou gade tout aksyon nèt DG te mennen epi fason li te fè yo. Travay evalyasyon sa a te koumanse nan mwa novanm 2010 e li te rapouswiv jouk rive nan mwa avril 2011. Gwoup moun yo te voye sou teren pou reyalize evalyasyon an te gen ladan 4 espesyalis nan plizyè disiplin. Soti 28 janvye pou rive 28 fevriye, espesyalis sa yo te gade tout sa ki te rive fèt nan kad Pwogram Dipecho a, nan kad plan global la, san konte tout lòt entèkansyon ki te fèt pou pote moun ki te viktim nan tranblemandtè a sekou, epitou pou kwape kriz kolera ki te tabli nan peyi a. Evalyasyon an te vin kore yon travay rechèch pi konplè ki te fèt soti nan mwa janvye jouk rive nan mwa me 2011. Apre misyon sa a, plizyè dokiman te soti tankou : yon nòt pou esplike fason ijans la makonnen ak zafè devlopman epi relans (LRRD), yon lòt dokiman kote yo fè yon seri analiz ak kòmantè, epi ki gen ladan foto ak videyo pou montre tout sa ki reyalize yo.

2. Kidonk, dokiman sa a se yon rezime jeneral travay ki fèt la. Ladan espè yo di sa yo panse sou entèkansyon ki fèt yo ak estrateji DG Echo te itilize, epitou yo fè kèk rekòmandasyon pou lavni. Gen yon Rapò pi konplè ki fèt tou kote yo bay tout rezilta nèt an detay pou chak sektè entèkansyon ki te jwenn finansman nan men DG Echo (nitrisyon ak sekirite alimantè, Dlo-asenisman,-ijyèn, lasante,abri ak lojman, kowòdinasyon), epitou pou kèk lòt sektè pi majinal tankou pwoteksyon ak sekirite.

Sa evalyatè yo wè – konklizyon yo tire

i. DG Echo se 4tryèm pi gwo donatè anpami tout bayè yo; nan ran an, li byen lwen dèyè sektè prive a epi gouvènman ameriken an

3. Aprè tranblemandtè a, DG ECHO te mobilize anpil gwo mwayen pou bay èd epi pote moun ki te viktim nan peyi Dayiti yo sekou. Lè w gade kalite kokennchenn èd gouvènman ameriken te bay, mete ansanm ak gwo konkou lòt patikilye ak enstitisyon nan sektè prive a te pote, DG Echo se katyèm pi gwo bayè nan mitan tout bayè entènasyonal yo.

ii. Yon estrateji ki te bon nan moman an

4. An jeneral mòd entèkansyon DG ECHO te fè nan Peyi Dayiti epi fason li te mennen aksyon li yo pou jere kriz la te bon nan moman an.

5. Nan yon peyi si tèlman vilnerab, kote gen dezaz natirèl toutan, anpil moun ap viv nan mizè san yo pa janm ka jwenn yon lavi miyò, apwòch prevansyon risk ak preparasyon enpòtan anpil epi prezans Dipecho nan peyi a se yon bon lide.

6. Youn nan kesyon DG ECHO gen rezon batay pou li se pou diminye risk dezaz tout kote, anndan DIPECHO e deyò DIPECHO tou) ak nan tout politik devlopman tou.

7. Plan Global la¹ chita sou yon apwòch travay kote se plizyè aktè ki sòti nan diferan sektè k ap mennen entèkansyon nan peryòd apre siklòn 2008 la pou kwape malnitrisyon

¹ Plan global la se youn nan kat zouti Echo sèvi pou finansman entèkansyon. Se yon kad jeneral ki gen ladan tout estrateji ak tout aksyon ki ta dwe mennen nan yon rejyon oswa yon peyi an patikilye ki gen pwoblèm e ki bezwen èd imanitè sou yon tan ki long.

epi tout lòt pwoblèm ki mache ak maladi sa a. Nan jan li fèt la pa t gen mwayen pou rezoud sitiyouon imanitè ki te prezante nan lane 2010 la. Se youn nan pwogram ki jis jounen jodi ap fè moun reflechi epi poze anpil kesyon.

8. Pou fini, estrateji DG ECHO pou 2011 ki chita sou twa aks (twa aks sa yo se klotire faz ijans la, klotire aktivite ak pwogram ki te prevwa nan kad Plan Global la, kontinye ranfòse volè risk ak dezast la an menm tan aktivite pwogram nan ap rapouswiv) sanble li ta ka bay bonjan rezilta nan lit kap mennen pou leve tout defi ki parèt nan lane 2011 lan.

iii. Yon Pwogram ki reyèlman efikas menm si gen yon seri faktè enstitisyonèl ki ba li baryè

9. Rezon ki fè èd imanitè Ewopeyen an te bay bonjan rezilta sa a, se prezans DG ECHO ansanm ak tout rezo patnè li yo nan peyi a, epitou kapasite yo genyen pou fè entèkansyon imanitè tribò babò nan tout sektè. Nan yon anviwonman frajil kap chanje rapid, kote jodi ak demen pa janm menm, si pou gen bon pwogram k ap bay rezilta yo se pou entèkansyon kap fèt yo kapab chanje rapid menm jan dapre sitiyouon an. Souplès sa a se rezilta chita pale kap fèt ant patnè yo epi ekip k ap bay sipò teknik andedan DG ECHO a, ki mete ansanm ak balans kòb ki rete sou anvlòp 90 milyon ero a ki pankò alwe paske manke kapasite pou depanse, plis tout don lajan peyi a te resevwa nan men antrepriz, patikilye oswa gouvènman lòt nasyon

10. Travay nan tèt ansanm ak enstitisyon nasyonal yo nan kad dezast natirèl se yon bagay ki enpòtan anpil. Sepandan pwoblèm gouvènman ayisyen an te jwenn nan òganize eleksyon vin mete sou pwoblèm tranbleman tèt a, vin lakòz tout pwosesis ak mekanis pou pran desizyon ralanti, tout pwogram ki t'ap egzekte preske kanpe. Enpak sitiyouon sa a sou efikasite èd la te negatif anpil sitou nan sektè abri ak sektè kap fasilite retou moun ki deplase yo .

iv. Entèkansyon imanitè nan mitan vil : yon gwo defi ki pankò jwenn solisyon

11. Sitiyouon malouk ki te gen nan vil yo apre tranbleman tèt a te montre tout feblès ki genyen nan sistèm imanitè a ki pat gen ase preparasyon epi abitud travay nan yon milye konsa pou li te fè fas a mòd pwoblèm sa yo. Se sak fè ni nan faz ijans la, ni apre, nan tout sektè yo, kit se dlo-asenisman-ijyèn, kit se te nan domèn sekirite lamanjay, abri, tablisman elatriye, li te gen anpil difikilte pou li rive tabli sistèm epi fonksyone kòm sa dwa.

iv. Desizyon pou finansman yon seri pwogram kanmenm sou yon baz politik menm lè kalite pwogram nan pa bon

12. Ed ewopeyen an te chwazi pou li tabli relasyon patenarya ak yon ansanm òganizasyon kap travay nan diferan sektè tankou Ajans Loni, Mouvmman Kwa Wouj, sèten ONG) epi ba yo finansman pou yo kapab fè yon seri entèkansyon. Se te yon desizyon enpòtan anpil pou peyi a. Men ki rezonman ki te fèt : si chak patnè ap travay nan yon sektè epi sa y ap fè yo pa sanble, sa vle di toujou gen lide tounèf kap brase, entèkansyon diferan kap fèt (sa se yon bagay ou kapab jwenn sitou nan milye ONG a); ositou kantite èd kap bay la ap vin pi plis, plis moun plis kote ap jwenn li.

13. Fòk yon seri etid ak rechèch ta fèt pou chèche konnen egzakteman ki mwayen epi ki konesans patnè sa yo genyen ki pou pèmèt yo vini ak lide epi entèkansyon tounèf sa yo. Ekip kap bay sipò teknik andedan DG ECHO ki ap jere anpil pwogram ak yon ti ponyen moun ta dwe reflechi tou sou zafè kou a pou wè konbyen kòb k ap depanse nan entèkansyon yo.

v. Difikilte pou makònen ijans, devlopman ak relans menm si tout aktè yo gen volonte pou sa

14. DG ECHO enterese kòmanse lanse pwosesis pou redwi risk ak dezaz yo (LRRD). Men se pa yon travay k ap fèt fasil dèske zouti ki pou ta pèmèt li fè sa pa apopriye. Pa egzanp dapre regleman enstitisyon an pwosesis sa pa fèt pou dire plis pase 18 mwa (menm si nan reyalite a se ant 12 a 15 mwa yo dire). Gen anpil difikilte tou pou jwenn lajan nan men lòt bayè pou kontinye yon aktivite ki te lanse sou finansman DG. Se sak fè gen anpil gwo opòtinite pou jwenn finansman pou rekonstriksyon an ki pèdi dèske priyorite 10zyèm FED la pa t chanje menm si kondisyon yo pat menm ankò nan peyi a apre tranblemandtè a. Kidonk si wa p gade sitiyasyon jeneral la ou kapab di gen anpil refleksyon ak jefò ki dwe fèt toujou pou rive kreye mekanis epi jwenn fason pou finanse tranzisyon an.

15. Yon seri kesyon enpòtan ki neglije alòske yo ta fèt pou travèse tout lòt tèm yo epi makònen avè yo Travay ki fèt la montre anpil fwa zafè proteksyon an epi kesyon rapò fanm ak gason an te neglije paske yo pat ba yo menm enpòtans. Pat gen anpil demand pou finanse pwojè sou pwoteksyon. Menm si andedan pwojè yo rapò fanm ak gason te nan lis pwoblèm pou yo te adrese yo, anpil fwa aktivite ki gen rapò ak kesyon sa a pa t rive byen mennen. Menm jan tou, yo te wè anviwonman an se yon pwoblematik ki klè anpil nan lespri moun kap fè entèvansyon yo, menm si anpil fwa konpreyansyon sa a pa t rive ateri pou li vin tounen yon aktivite pwogram, esepite lè li te makònen ak kesyon rediksyon risk ak dezaz la.

vi. Yon anviwonman ki rete frajil

16. Ou pa janm konnen ki sa lavni pote. Se sa k fè tout moun dwe rete veyatif epi pare pou tout sitiyasyon ki ta kapab prezante. Sitiyasyon politik la manyè vin pi klè apre eleksyon prezidan an, men gen kèk ti difikilte ki komanse parèt sitou ak kesyon lavi chè ki vin rann lavi popilasyon Ayisyen an pi di toujou. Lè w pran jèm maladi kolera a ki prezan toutan kounye a nan peyi a, lèfini posibilite pou yon seri gwo dezaz tankou siklòn, inondasyon, sechrès elatriye pase, ansanm ak danje tranblemandtè, tout bagay sa yo nèt met ansanm pou vin bay yon kokennchenn malèpandye nou ta fèt pou nou pran trèzoserye.

Rekomandasyon

17. Gen plizyè kalite rekòmandasyon ki fèt : gen sa ki konsène zafè estrateji , gen lòt rekomandasyon ki fèt tou sou anje operasyonèl ak teknik yo.

i. Rekomandasyon sou estrateji

Rezilta ki mache ak rekomandasyon yo	Réf.	Rekomandasyon	Aktè ki sible
Estrateji DG ECHO pou lane 2011 la chita sou twa aks (klotire faz ijans la, klotire aktivite kap mennen nan kad Plan Global la, kontinye ranfòse volè risk ak dezaz la an menm tan aktivite yo ap rapouswiv). Bi estrateji a se leve tout defi ki prezante nan kontèks la.	§ 48, §§ 201-204	R.N°1 : Kontinye ak estrateji dezangajman an nan peryòd 2011 ak 2012 la	DG ECHO
Zouti delegasyon an ap sèvi pou fè devlopman pa ka sèvi tou pou finans imanità ni bouche twou lè pa gen finansman ECHO ; dyalòg la pa fasil ant DG echo ak donatè kap finans devlopman yo;	§§ 193-200 §§ 210-213	R.N°2 : Kontinye fè jefò pou wè kouman yo ka rive makonnen ijans, relans ak devlopman, pandan gen refleksyon k ap fèt sou rapò ki genyen ant aksyon imanità ak batay kont lamizè.	Aktè imanità yo, Aktè nan sektè devlopman, donatè kap finans aksyon imanità ak devlopman
Lè nou gade listwa peyi Dayiti ak 10 lane ki sot pase yo, nou wè se menm malè ak dezaz natirèl yo ki toujou ap frape peyi a. Lè nou gade ankò, nou wè se pa fòt lanati sèlman si gen dezaz, se fòt lamizè paske nan chèche lavi popilasyon yo fè yon seri bagay tankou koupe bwa, detwi basen vèsan ki vin bay lòt malè pandye. ankò.	§. 11 § 219 Annexe 5	R.N°3 : Ranfòse mekanis pou jere dezaz ak tout lòt mekanis nan tout nivo ki ka fè Peyi Dayiti ak popilasyon li vin pi djanm epi fè fas nan sitiyasyon ijans. Redisksyon risk ak dezaz se yon bagay ki enpòtan anpil pou Peyi Dayiti. Se yon eleman ki ta dwe antre nan tout politik devlopman peyi a. Toulède peyi ki sou zile a ta dwe gen yon vizyon komen sou kesyon risk ak dezaz la.	Aktè imanità yo, Akè nan sektè devlopman, donatè kap finans aksyon imanità ak devlopman Kote pou sa fèt : Repiblik Dayiti, Repiblik Dominiken, Zòn Karayib la
Nan kad preparasyon ki te fèt anvan sezon siklòn nan te koumanse, yon anvlòp bidjetè te mete anplas pou fè entanvansyon ki ta gen bezwen sizoka ta gen yon ijans . Se anvlòp sa a ki te sèvi nan lit kont epidemi kolera a. Nivo risk ak dezaz nan peyi a ro anpil. Sa mande pou toujou ap veye; li mande tou pou mekanis finansman yo soup pou entèvansyon yo kapab fèt byen fasil lè gen bezwen.	§ 30, § 137, § 220	R.N°4 : Bay finansman an tranch pa tranch pou fè preparasyon sizoka ta gen yon dezaz.	DG ECHO
Travay analiz sou rapò ki genyen ant propriete latè, enstalasyonabri, distribisyon dlo, debleyay debri elatriye epi sou fason yo makonnen te manke fèt. Te gen anpil difikilte pou konprann kontèks la epi fè yon dyagnostik	§§ 75-78 §§ 118-131 § 221	R.N°5 : Soutni efò k ap fèt pou devlope kad ak metodoloji travay pou entèvansyon k ap fèt nan mitan vil yo kapab fèt pi byen	Aktè ki espesyalis nan òganize espas nan vil kote moun abite, nan zafè lojman ak tablisman, donatè ki konsène yo
. Kòdinasyon ant diferan aktè imanità yo nan faz ijans la te bay pwoblèm; relasyon yo pat fasil kit se te ak otorite peyi a, kit se te ak militè yo.	§ 160-188 § 222	R.N°6 : Kontinye fè pledwaye pou kowòdinasyon sou teren an kapab fèt pi byen, kit se nan nivo estrateji, kit nan nivo aksyon k ap mennen sou teren, andedan yon menm sektè oswa ant diferan sektè yo.	Ajans ki responsab klòster yo ; Kowòdinatè imanità a ; Klòstè yo, donatè k ap finans aksyon imanità yo

ii. Rekomandasyon sou entèkansyon ak teknik

Rezilta ki mache ak rekòmmandasyon yo	Réf.	Rekòmmandasyon	Aktè ki sible
Fè de kwa pou entèkansyon k ap fèt nan mitan vil yo adapte a milye epi pote sa ki gen bezwen			
Patnè DG Echo yo ak aktè imanité yo pat prepare ni gen konpetans pou fè entèkansyon lavil. ONG ki te jwenn finansman nan DG ECHO te eseye fè sa yo kapab pou adapte epi fè sa ki gen bezwen men se pa tout ki rive jwenn bon rezilta.	§§ 75-78 §§ 118-131 § 223	R.N°7 : Nan ka sa a, sa aktè yo plis gen bezwen se savwa. Kidonk, yo dwe finanse touswit yon seri etid ak ankèt sou kesyon ibanis ki pou pèmèt yo konprann vil la pi byen, yon fason pou yo konnen ki kalite entèkansyon ki pou fèt, ki jan, ki bò, pou kilès elatriye....	Donatè ak aktè imanité k ap fè entèkansyon dirèk sou tern/espesyalis nan kesyon ibanis
Gen patnè DG ECHO ki t ap bay èd ak asistans nan nivo katye ; sèten te deside fè l pou kont yo nan jan pa yo, gen lòt ki te swiv yon demach UN Habitat te devlope ki rele "Lojman Katye". Li ta bon pou tout Aktè k ap fè entèkansyon nan yon menm zòn chita ansanm pou ajiste metòd yo yon fason pou kapab jwenn pi bon rezilta.	§ 115 § 224	R.N°8 : Ranfòse zouti ki pou ede fè analiz, pran desizyon epi kowòdone nan tout nivo lè gen entèkansyon k ap fèt nan mitan vil (kesyon enpòtan ki gen rapò ak metòd)	Aktè imanité Kowòdonatè imanité, Klòstè
Plizyè pwopozisyon te fèt pou ede popilasyon deplase yo kite kan yo . Men anvan yo te kapab vini ak solisyon sa yo anpil tan te pase. DG Echo te bay finansman pou yo kapab jwenn lojman tanporè pou asire tranzisyon an apre yo te soti nan kan yo, epitou an kolaborasyon ak Delegasyon an, li repare anpil kay ki te sibi domaj.	§ 117 § 120 § 122 § 123 § 225	R.N°9: Pa tann, etidye tout pwopozisyon ki fèt yo, pa neglije anyen pou popilasyon deplase yo kapab tounen lakay yo pi vit : jwenn teren, repare kay, rebati ak pi bon teknik epi pi bon materyo.	Aktè imanité, Reskonsab kan, espesyalis nan zafè lojman ak tablisman, donatè ki konsène
Aktè yo pat gen ase enfòmasyon nan men yo ki pou te pèmèt yo byen konprann fason moun òganize, travay, sèvi youn ak lòt, anmize, fè lajan, viv anjeneral andedan katye yo ak diferan zòn nan vil la. Sa se yon feblès ki vin redwi kapasite aktè yo pou yo jwenn rezilta.	§ 130 § 131 § 226	R.N°10: Aktè yo dwe sispann gade kan yo. Gade katye yo pito (fason yo fonksyone, jan moun viv) pou yo kapab konprann pi byen sa ki yon kominote tout bon.	Aktè imanité ak lòt aktè ki nan vil la, donatè ki konsène
Aktè yo pat byen konprann kesyon sekirite lamanjay nan mitan vil yo ; posiblite pou jwenn finansman pou sektè sa a pa anpil an patikilye nan faz apre ijans.	§57 § 227	R.N°11 : Ranfòse kapasite ak espètiz aktè imanité yo nan tout sa ki gen rapò ak sekirite lamanjay nan mitan vil, sitou apre premye faz ijans la fin pase.	Aktè ki espesyalis nan donatè (anpami yo DG ECHO)
Kominote entènasyonal la te manke preparasyon epi espètiz pou bay èd ak asistans nan domèn asenisman lè gen ka ijans nan mitan vil la.	§§ 74,-78 § 228	R.N°12: Devlope solisyon ak espètiz teknik pou kapab bay asistans nan domèn asenisman lè gen ka ijans nan mitan vil	Aktè ki espesyalis nan kesyon dlo asenisman ak ijyèn ; donatè ki enterese (anpami yo DG ECHO)

Pwen enpòtan ki soti pou sektè nitrisyon ak èd alimantè a

Yon bon konesans tout faktè ki lakòz malnitrisyon se premye kondisyon pou gen bon pwogram devlopman	§ 49 § 229	R.N°13: Konprann pi byen kòz ak dimansyon kiltirèl pwoblèm malnitrisyon nan peyi Dayiti ; konnen pi byen nan popilasyon an moun ki laj ki plis andanje soufri malnitrisyon	Aktè k ap travay nan domèn nitrisyon an bayè yo (DG, ECHO, USAID, BM)
Te gen kèk difikilte pou reyalize aktivite ki te prevwa nan kad Plan Global la. Te gen difikilte tou nan relasyon patenarya ant ONG yo	§§ 40-41 § 230	R.N°14 : Patenarya ki tabli ant ONG yo pou redwi ka malnitrisyon yo ta dwe chita sou yon premye diagnostik plizyè sektè fè epitou tout moun dakò sou li,	Aktè ki espesyalis nan kesyon an; bayè ki konsène yo (anpami yo DG ECHO)
Sistèm pou ranmase done pou swiv epi evalye pwogram yo ta merite amelyore paske li pat sifi;	§ 39 § 231	R.N°15: Ranfòse kad enstitisyonèl miltisektoryèl sektè nitrisyon an, sitou pou ranmase done siveyans sou malnitrisyon an.	Otorite Peyi Dayiti ; Donatè ki enterese nan kesyon devlopman,; Komisyon ewopeyen. Nasyonzini,
Sipò nitrisyonèl ki te bay nan zòn ki te plis viktim tranblemandtè a te bay bon rezilta. Se timoun yo yo te plis sible ak sipò sa a.	§ 44 § 232	R.N°16: Ranfòse estrateji, resous ak mwayen ki sèvi pou fè entèkansyon yo pou bezwen primè timoun piti yo kapab satisfè prese prese.	Aktè imanitè yo, esyantifik k i nan sektè larechèch, donatè, k ap finanse èd imanitè (anpami yo DG ECHO)
Tout Pwogram lajan tounèf ki te sible moun nan mitan vil ak katye ki pa lwen lavil yo te eseye pote yon repons nan ijans la. Sepandan chwa PAM te fè pou li bay yon gwo finansman lajan pou egzekite pwogram CFW pat bay bon rezilta.	§§ 53-56, §§ 61 § 233	R.N°17: Ranfòse apwòch ki fèk parèt la sou kesyon monetizasyon èd la epitou sou nivo preparasyon aktè yo pou fè entèkansyon ki sible anpil moun	Aktè imanitè yo; DG ECHO
Nan faz ijans la, Aktè yo te gen kèk difikilte pou egzekite Pwogram CFW yo; epitou, li te difisil pou wè ki enpak pwogram sa yo te genyen sou sityasyon ekonomik fanmi yo.	§§ 57-60 § 234	R.N°18: Nan faz apre ijans la ralanti sou pwogram CFW yo (travay pou lajan); fè yon etid pou rive konnen si nan moman ijans la, angiz CFW la, yon transfè lajan san kondisyon, pa ta pi bon pou popilasyon yo.	Aktè imanitè yo ; donatè ki konsène yo kap finanse èd imanitè anpami yo DG ECHO
Sistèm klòstè a pat reyisi kowòdone entèkansyon ki gen rapò ak lajan yo ni non plis sa k ap fèt nan domèn sekirite lamanjay la.	§ 171 § 235	R.N°19: Mete Klòstè « sekirite la manjay » la anplas sou teren an epi fè yon fason pou li kapab fonksyone epi bay rezilta.	FAO, PAM, PNUD, Kowòdinasyon nasyonal klòstè yo, Kowòdinatè imanitè, donatè yo (anpami yo DG ECHO)

Pwen enpòtan ki soti pou sektè dlo, asenisman ak ijyèn nan:

Vizit ki te fèt nan pwojè yo montre gen jefò ki fèt pou ankouraje popilasyon yo patisipe nan aktivite kap mennen yo	§ 71 § 236	R.N°20: Ankouraje popilasyon yo ak sosyete sivil la patisipe nan fè pwòpte epi nan jesyon sous dlo yo .	Aktè ki espesyalis nan zafè bay èd imanitè bayè, otorite nan peyi Dayiti ki konsène yo
---	---------------	---	--

Depi epidemi kolera a tanmen yo konstate chak jou pi plis, popilasyon an ap pran abitud sèvi ak pwodwi pou trete dlo l ap bwè epi gen pi bon ijyèn (strateji individyèl). Se yon tandans ki konfime.	§ 84 § 237	R.N°21: Nan yon peyi tankou Ayiti kote gen dezaz toutan, ranfòse kapasite ak otonomi popilasyon yo pou kapab fè fas, asire tout bezwen yo nan moman kriz yo : ranmase fatra, fè pwòpte, jwenn bon dlo pou yo bwè .	Aktè espesyalize nan kesyon dlo, asenisman ak ijyèn.
Aktè imanite yo manke konprann kontèks la ak pratik kiltirèl Peyi Dayiti	§ 75 § 238	R.N°22:e. Respekte pratik kiltirèl ak abitud moun peyi a, sèvi avè yo nan travay k ap fèt la pou popilasyon an kapab jwenn bonjan kalite dlo pou-l bwè, pi fasil, nan yon fason ki jis pou tout moun epitou nan yon pri kap garanti la p jwenn ni toutan	Aktè ki nan sektè imanite ak devlopman ki espesyalis nan zafè dlo, asenisman, ijyèn, donatè ki konsène
Relasyon dirèk dirèk ak Dinèpa enpòtan anpil	§ 69 § 72 § 239	R.N°23: Ranfòse dyalòg ak tèt ansanm ak tout aktè yo nan nivo lokal ak nasyonal	Aktè ki nan sektè imanite ak devlopman ki espesyalis nan zafè dlo, asenisman, ijyèn, donatè ki konsène
Pwen enpòtan ki sòti pou sektè lasante			
Moun ki te fè operasyon oswa ki te blese, te manke siveyans apre yo te fin jwen swen yo.	§ 94 § 99 § 240	R.N°24: Asire prizanchaj andikap fizik ak emosyonel ki pral parèt nan mwa ak ane k ap vini yo.	Aktè nan sektè lasante yo, donatè ki enterese nan kesyon an
Tematik risk ak dezaz la ta dwe travèse tout lòt tematik ki te travay epi makonnen avè yo. Sepandan sa pat fin fèt, kidonk li pa bay rezilta. Direktiv ki te soti nan OMS pou ede amelyore sistèm lasante a epi bay moun kap sèvi ladan plis sekirite pat aplike	§ 153 § 241	R.N°25: Bay sistèm la sante a plis jarèt pou li kapab reziste lè gen dezaz.	Aktè nan sektè lasante yo, donatè ki enterese nan aksyon imanite epi kesyon devlopman, (anpami yo DG ECHO)
Sitiyasyon ijans la te gen yon enpak negatif sou sistèm sante a ki te déjà frajil sitou sou resous imèn yo ak sou ekonomi sektè lasante a.	§ 100 § 242	R.N°26: Pledwaye pou mete anplas yon politik pou sipòte kou swen lasante	Otorite Peyi Dayiti, Aktè nan sektè lasante yo, Donatè ki enterese nan kesyon devlopman;
Anjeneral nan lit kont epidemi kolera a kowòdinasyon repons la te konsantre sitou sou kesyon ki gen rapò ak lasante. Ak jèm maladi kolera a ki prezan toutan nan peyi a, zafè preparasyon an se yon kesyon ki dwe poze.	§§ 144- 146 § 243	R.N°27: Reskonsab yo ak aktè dwe toujou sonje jèm maladi kolera a se yon jèm ki prezan toutan nan Peyi a epi konsidere faktè sa a nan tout sa y ap fè.	Otorite Peyi Dayiti, Aktè nan sektè lasante yo, Aktè nan sektè do, asenisman, ijyèn ; Donatè (anpami yo DG ECHO)
Tèm travay ki travèse lòt tem			
Anjeneral zafè pwoteksyon an epi kesyon ki gen rapò ak anviwònman te neglije anpil; men te gen yon ti jefò tou piti ki te fèt anplis pou gade zafè relasyon fanm ak gason an epi entegre li nan sa k ap fèt yo.	§§ 214- 215 § 244	R.N°28: Antre tematik pwoteksyonkesyon, kesyon ki gen rapò ak anviwonman, epi rapò fanm ak gason nan tout sa kap fèt	Aktè imanite yo ak Aktè nan sektè devlopman yo, bayè ki konsène, otorite peyi Dayiti